

# Konsèy pou si ou wè obyen rankontre ajan imigrasyon kap aplike lwa dwan yo. (ICE)

## SÈLMAN POU MOUN KI GEN KONDISYON IMANITÈ LIBÈTE PWOVIZWA

Paske kèk politik gouvènman aktyèl yo pa favorab pou imigran yo, nou vle ede w konprann sa pou w fè si w rankontre ak ofisye imigrasyon (ICE).

### Bagay enpòtan pou w sonje:

- Anjeneral yo bay pawòl pou rezon imanite ijan. Yo souvan bay li pou de a twa ane men yo ka oswa pa ka renouvle li epi yo ka sispann oswa revoke li.
- Apati 23 janvyè 2025, yon Dekrè Egzekitif mande ajans gouvènman yo pou yo mete yon poz, modifye, oswa mete fen nan nenpòt pwogram pawòl pwovizwa epi depòte moun ki aktyèlman sou estati pawòl.
- Gouvènman an pral deside sou yon baz ka pa ka si yo pral mete moun yo nan pwosedi pou depòtasyon estanda oswa akselere.

### Ki sa ou ka atann:

- Aplikasyon memo ak Dekrè Egzekitif sa yo pa klè, men a kisa ou ta dwe atann ou:
  - Resevwa anilasyon pawòl ou a. Pawòl ou an kapab sispann anvan fen peryòd otorize a. Si yo sispann pawòl ou an, ou ka sibi depòtasyon rapid.
  - Si ou nan pwosedi depòtasyon estanda, gouvènman an ka deplase ou nan pwosedi depòtasyon rapid.

### Ou gen dwa legal lè w ap fè fas ak ofisye ICE yo:

- Ou pa oblije ouvri pòt ou. Sa bay ICE pèmisyon pou antre lakay ou.
- Mande ofisye yo pou yo glise manda a anba pòt la oswa sou fenèt la.
- Yon manda jidisyè dwe genyen non ou kòrèk, adrès y ap mande pou antre a **epi li dwe siyen pa yon jij**.
- Ou pa oblije reponn kesyon sou estati imigrasyon ou.
- Si ICE apwoche w nan machin ou: ou pa oblije reponn okenn kesyon ki pa gen rapò ak arè nan sikilasyon an san yon avoka.
- Ou pa oblije siyen okenn papyè san w pa pale ak yon avoka anvan
- Si ou deyò epi yo kanpe w, mande si ou ka ale. PA KOURI.
- Ba yo kat ki atache ak lèt sa a (montre l atravè yon fenèt oswa glise l anba pòt ou si w lakay ou)

### Kreye yon Plan

- Asire w ke ou gen kontak ijans ki nan lis lekòl pitit ou yo, ki pa ou menm.
- Asire w ke pitit ou yo konnen ki moun pou yo kontakte nan ka ijans (911 ak yon lòt zanmi oswa fanmi).
- Fè yon Pwokirasyon pou idantifye etap pou swiv yo nan ka yo arete w epi depòte w
- Si w kondui, kenbe lisans ou valab epi suiv règ sikilasyon yo.